



Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo Ki Zouti Sou Entènèt Mwen Ta Dwe Itilize ?

Si ou bezwen

Ebyen itilize zouti sa a

Verifye si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan

Asistan Kalifikasyon an ap ede ou konnen si ou ka kalifye pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan. Li disponib an Anglè ak Panyòl.

Enskri pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan si **ou pa konn genyen obligasyon pou ou ranpli (an anglè)** yon deklarasyon enpo

Zouti Enskripsyon Non-Deklaran an ede moun ki pa konn gen obligasyon pou ranpli yon deklarasyon enpo konplete yon deklarasyon ki senp pou yo jwenn pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, Kredi Ranbousman Rekiperasyon ak Pèman Enpak Ekonomik yo.

Verifye idantite ou anvan ou itilize Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan

Ale sou **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** epi klike sou "Jere Pèman Avans yo." Si ou se yon nouvo itilizatè, ou **dwe kreye yon kont ID.me** nan IRS la epi verifye idantite ou. Si ou deja genyen yon kont nan IRS la, itilize non itilizatè ak modpas Aksè Sekirize a epi antre kòd sekirite a nan kad pwosesis verifikasyon idantite a plizyè faktè a (Multi-Factor Authentication – MFA). Si ou genyen yon kont ID.me deja nan yon ajans federal oswa gouvènman yon eta, ou ka itilize imèl ou ak modpas ou epi konplete MFA a. ID.me se yon tyès ki fyab.

Anile enskripsyon nan pèman avans kredi enpo pou timoun nan

Ou ka itilize **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** pou w anile enskripsyon nan pèman otomatik yo si ou:

- prefere reklame tout kredi a lè w ap ranpli deklarasyon enpo 2021 w lan, oswa
- ou konnen ou pa kalifye paske sitiyasyon w lan te chanje an 2021.

Jere enfòmasyon kont labank ou

IRS ap voye pèman yo sou kont labank ou te mete nan deklarasyon enpo 2020 oswa 2019 ou a oswa sou yon kont gouvènman federal la konnen, tankou yon kont kote ou resevwa alokasyon Sekirite Sosyal, veteran oswa retrèt fewovye yo. Sila yo ki pa anile enskripsyon pou depo dirèk yo ap resevwa yon chèk pa lapòs. Itilize **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** si ou bezwen aktyalize enfòmasyon sou kont labank ou oswa ajoute yon kont labank.

Gade istorik pèman ou

Aprè pèman yo fin fèt, zouti **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** ap montre dat ak montan pèman ou yo.

Aktyalize adrès lapòs ou

Apati mwa dawout, w ap kapab itilize **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** pou w aktyalize adrès ou. (Dat la ka chanje.)

Siyale aktyalizasyon ki ka afekte montan pèman ou yo

Nan kòmansman sezon lotòn nan, w ap kapab itilize **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** pou w siyale aktyalizasyon ki afekte montan pèman ou yo, tankou chanjman nan:

- kantite timoun kalifye yo
- estati sivil
- revni
- antant pou gad

Si sitiyasyon w te chanje nan 2021 an, lè ou aktyalize enfòmasyon sa yo, l ap ede ou jwenn pi bon montan pèman avans yo.